

InfoVHtal

INFORMACIÓN BÁSICA SOBRE EL VIH

114

WOLOF

AQ AK WERGUYARAM



Nit ni ame VIH da nuy soxla dem ci opital yi ngir nu fàcc leen ak toppato leen ci anam yi gëna ayip yi mën ne. Dafay am solo nu jox doktoor bu gay toppato ci dispenseer yi, tamit ci luy faral di am ni xarañ ci feebar bi di ko set.

01

Amna nit nu am VIH yu waxne mës nan am ay jaafe jaafe ak niy ligeey ci bërëbu werguyaram. Wante nak, niy seytu werguyaram fi ci Españ amna nan yoon ak sartu doxaliin ngir fexe ba du am been kañ kañ bu joggé ci niy ligeey ci bërëb jëm ci aji feebar yi, ba yax dara ci pàcc mi niy def ci aji feebar yi.

Bërëb yi toppato ni feebar amna nu teeré yi di ëmb Aq ak yélefu aji feebar yi, di binda lu leer ci aqu ki feebar ajo ci wek gi wara am ci moom, ci ngoram ak suturam, te warul am been xettu boddi tekko ci xettam, ci baaxam, ci ni mooy sèye ba beep mbir bu tax boddi di am.

Tax ba nit ku ame VIH keen wara ko boddi dax feebaram ci bërëbu werguyaram yi. Li tax ba keen waru ko bañal toppato, ba bañ ko yamale ak toppato giyi ci yeneen aji feebar yi.

02

LAN WARA XAM

- Bo ñëwe ci dëkk di Españ, mën na ne nga am siki saka ci pàccum VIH, ci lodul faay dara ci bërëb yi gornama Españ tekk. Sartu yi am ci mbir mi mën na lëj. Da na ka gox bu amna sartam buwutte ak yeneen gox yi, utal ku la guñe ngir nga xam ko(masalaan mbootay yi teete nit ni ame VIH te nu nekk ci gox yoyu)
- Keep ku feebar aqam la mu jot ci resitëram bi bind ci werguyaramam am tamit beneen ci yi nu soti. Resitër bi ci werguyaram mo di teere bi tēj mbir yi ajo li nu giis ci sa werguyaram, ci ni muy doxe ak ni nu laay toppato.
- Mbir yi ci bind ci resitër werguyaram lu diis, tax ba nu war ko aar. Lolu mo tax ba aji feebar yi nu jox leen, aq nu denc ko ci sutura, te keen du ci mën jot te bayyiwu ko moom te tekk ko ci Yoon.
- Bes bo giise ne amna boddi ci toppato ngi deff ci yaw ci bërëbu werguyaram, da nga ko wara wax ligeey kat b i ba ki di seytu say mbir. Bu la tontu gi doyul, Yoon may nala nga ñaxtu ko ci anam yi mu ko tèrele.
- Bërëbu werguyaram bu mën di doon amna funu lijënte mbiiri ni faay nëw, ba ñaxtu wala leeral. Aji feebar gi yoon may na ko mo jot tontu bu nu bind. Lajj k iba ñaxtu ngi nga def waral indi been siki saka ci toppato gi.
- Tamit mën nga xamal sa ñaxtu ci boddi gi ba toppato bu amul yamale, mbootay yiy dimbali nit ni ame VIH. Mbootay yi di naan la dimbali ci ningaay kalame, tamit dëfël la bo ka soxla.



GTT-VIH
GRUPO DE TRABAJO SOBRE
TRATAMIENTOS DEL VIH
ENTIDAD DECLARADA DE UTILIDAD PÚBLICA
ONG DE DESARROLLO

SUBVENCIONA



FOR SOLIDARIDAD
OTROS FINES DE INTERÉS SOCIAL



Secretaría del Plan Nacional sobre el Sida



Generalitat de Catalunya
Agència de Salut Pública
de Catalunya



Generalitat de Catalunya
Departament
de Justícia



ÀREA DE QUALITAT DE VIDA,
IGUALTAT I ESPORTS



Diputació
Barcelona
ÀREA DE BENESTAR SOCIAL

COLABORA



ETIS
EQUIP DE TREBALL SOBRE
INFERMISITAT I SALUT



TROPICAL
DRAGANES



¿TIENES DUDAS
SOBRE EL TEMA?
PREGÚNTANOS

Tel. 93 458 26 41
consultas@gtt-vih.org

¡POR FAVOR FOTOCÓPIALO Y HAZLO CIRCULAR!